



**IMBONAKAZOZA Y'UBURUNDI
NK'IGIHUGU CIFASHE MU MWAKA W'2040
N'IGIHUGU GITEYE IMBERE MU MWAKA W'2060**

MUKAKARO 2023





INTANGAMARARA

«Imbonakazoza y'UBurundi nk'igihugu cifashe mu mwaka w'2040, hamwe n'igihugu giteye imberere mu mwaka w'2060» ni inyandiko y'umugambi w'igihugu hamwe n'urukurikirane gw'ingene vyokorwa kugira hashikirwe iterambere, mu vy'ubutunzi no mu vy'imibano m' Uburundi, rizofasha ab'ubu n'abazovuka muri kazoza. Ni igikoresho gifasha mu gutunganya ibikorwa vy'iterambere muri kazoza ka kure mu gushinga imigambi nyamukuru n'uko vyokorwa mu ntumbero yo gushikira iterambere rirama.

Imbonakazoza y'igihugu yerekana kazoza, ikongera igatomora ikintu kiri hejuru y'ibihasanzwe kandi umuntu ashobora gushikira. Muri iyo ntumbero, ihangiro ry'iyi mbonakazoza yacu ni uguteza imbere uko Abarundi babayeho ubu kugira ngo dushikire igihugu cifashe mu mwaka w'2040, no gushikira igihugu giteye imberere mu mwaka w'2060. Mukubishikako, dutegerezwa kugira ishusho isobanura neza, ku buryo butomoye aho turi uyu musi nk'igihugu, aho twipfuza gushika mu mwaka w'2040 no mu mwaka w'2060, hamwe n'uko twoshikayo. Iyo tuvuze kazoza keza, tuba dufatiye ku benegihugu bose kubijanye n'uko babayeho mu butunzi hamwe no mw'iterambere muri rusangi. Imbonakazoza izohindura Uburundi bube igihugu giteye imberere, cifashe neza, aho abantu babayeho neza mu bijanye n'umwimbu baronka canke uko baronswa ivyo bakenera.

Ivyiyumviro vyose nyamukuru dusangamwo bituma Umurundi ashobora kuramba kw'isi hamwe no gushikira iterambere rirama mu vy'ubutunzi. Kugira imbonakazoza y'igihugu bisigura gushiraho uburyo butandukanye n'indinganizo y'ibikorwa bizodushikana kw'ihangiro ry'iterambere twipfuza. Iyi mbonakazoza irimwo imigambi mikuru mikuru izohuza ibitegekanywa muri kazoza ka hafi n'aka kure. Ishusho y'uko bitegekanijwe izoheza igaburwe mu migambi n'ibikorwa bijana mw'iterambere rirama. Ishirwa mu ngiro ry'iyi mbonakazoza risaba uguhimiriza urugero rw'irwirirana ry'abenegihugu rujanye no gutunganya neza ibiraho, hamwe no guteza imberere ubumenyi bw'abenegihugu ku buryo baronka ikibanza ciza mubaronswa akazi haba mu gihugu hagati canke hanze y'igihugu.



Nk'igihugu, dutegerezwa guhagarika kwama twiboheye ku vyago vyaya kahise vyaranze Uburundi, ahubwo duhindukirize amaso kuri kazoza n'amahirwe turonswa muri iki gihugu cacu, mu karere kacu, no kw'isi yose. Turakeneye guhindura ivyiyumviro tugashira imberere ugukunda igihugu, ugukunda ibikorwa, ukwigenga no kwiyubahiriza kuruta vyose.

Ugushitsa iyo mbonakazoza bisaba ko umwe wese ayigira iyiwe kugira bose babigiremwo uruhara nk'abenegihugu, abadaharanira inyungu za poritike, abikorera utwabo, amashirahamwe ategamiye Reta, amakungu hamwe n'abo dufashanya mw'iterambere. Ugushitsa iyo mbonakazoza bizosaba kandi ko haba akaryo keza gatuma haba amahoro n'itunganya ryiza rirama ry'ivya poritike. Kubera ivyo, Uburundi buzobandanya kuba imberere mu bijanye n'umutekano hamwe n'ukwivuna abansi, hisunzwe amasezerano yo mu karere.

Duhamagariye Abarundi bose gukora mu ntumbero yo kuba abazana impinduka, n'abatuma igihugu gitera imberere bishemeye. Muri iyo ntumbero, nta nkeka ko *«Imbonakazoza y'UBurundi nk'igihugu cifashe mu mwaka w'2040 n'igihugu giteye imberere mu mwaka w'2060»* izoshikana Abarundi mw'iterambere, kuko: «*Turi kumwe twese, birashoboka*».

UMUKURU W'IGIHUGU

Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE



URUTONDE RW'IMPUNYAPFUNYO Y'AMAJAMBO

APD	Umugambi wo gufashanya n'ibindibihugu mw'iterambere
CAD	Umugwi wo gufashanya mw'iterambere
CEA	Umuryango w'ibihugu vy'akarere ka Afrika y'Ubuseruko
CER	Umuryango w'iterambere ry'akarere
COVID	Indwara y'umugera korona
CPN	Gupimisha imbanyi
CPIA	Poritike yo kugenzura imigambi y'igihugu n'itunganywa ry'inzego
IDE	Imitahe yinjira mu gihugu ivuye hanze
INSBU	Ikigo c'igihugu cegeranya ibiharuro-mfatiro m'Uburundi
INSS	Ikigo c'igihugu co gutegekaniriza kazozabakozi
MFBPE	Ubushikiranganji bw'ikigega ca Leta no gutunganya ibijanye n'iterambere
NSS	Ibijanye n'umugambi ufatiye ku gisata
NTIC	Ubuwinga bwa none mu guhanahana amakuru n'itumanatumanako
OBEMA	Umugwi ukurikiranira hafi iterambere rya Afrika
ONPR	Ikigo c'igihugu co gutegekaniriza kazozabakozi n'amasanganya y'akazi
PAD	Abo dufashanya mw'iterambere
PAP	Umugambi w'ibikorwa nyamukuru
PCDC	Indinganizo y'ibikorwa vy'iterambere ry'ikibano ku rwego rw'amakomine
PIB	Umwimbu-mfatiro kuri buri munyagihugu
PPP	Ibikorerwa mu runani rwa Leta n'abikorera utwabo
PTBA	Indinganizo y'ibikorwa n'amafaranga ategekanywa gukoreshwa ku mwaka
RDC	Repuburika iharanira Intwaro Rusangi ya Kongo
STEM	Ubuwinga bwa none, Ubuwinga-bwubatsi n'ivyigwa bifatiye ku biharuro
VIH	Umugera utera indwara ya SIDA
ZLECAF	Akarere ka Afrika bahanahaniramwo ibidandazwa atakirishwe



IBIRIMWO

INTANGAMARARA	3
URUTONDE RW'IMPFUNYAPFUNYO Y'AMAJAMBO	4
IBIRIMWO	5
IBIMENYETSO - MFATIRO	6
I. IMBONAKAZOZA, INTUMBERO HAMWE N'UKO VYIFASHE M'UBURUNDI, IGHUGU CIFASHE MU MWAKA W'2040 N'IGIHUGU GITEYE IMBERE MU MWAKA W'2060	
I.1. Ibimenyetso-mfatiro nyamukuru n'ico igihugu kigamije gushikako mu mwaka w' 2040 no mu mwaka w' 2060	7
I.2. Intumbero y'bonakazoza	8
I.3. Inyubako n'ubwoko bw'iterambere	8
I.4. Uko vyifashe mu bijanye n'imbonakazoza	8
II. INKINGI, AMAHANGIRO YA KAZOZA N'ICO IMBONAKAZOZA YIPFUZA	9
II.1. Inkingi	9
II.2. Amahangiro nyamukuru ya kazoza n'ivyo iterambere ry'Uburundi ryipfuza gushikako	10
II.3. Ibimenyetso-mfatiro nyamukuru n'ico igihugu gishaka gushikako mu mwaka w'2040 no mu mwaka w'2060	33
III. IBISHOBOKA N'UKO VYOKORWA KUGIRA IGHUGU GITERE IMBERE	
III.1. Ibishoboka	41
III.2. Uko vyokorwa	42
IV. ISHIRWA MU NGIRO, IKURIKIRANWA N'ISUZUMWA	43



IBIMENYETSO-MFATIRO

Ijambo « *Igihugu cifashe* » ni imvugo nshasha ikoreshwa mu kudondora igihugu kiri k'umuvuduko munini w'iterambere, utuma hagabanuka urugero rw'ubutandukane bw'ico gihugu n'ibihugu biteye imbere. Ibihugu vyifashe birangwa ahanini n'itunganywa ryiza ry'ibikorwa vy'iterambere ku rwego rw'igihugu, igihugu gitunganijwe neza ku buryo burama mu via poritike n'inzego ndongozi, ingingo n'ibantu bibereye vyorohereza abarwizatunga, hamwe n'umurindi munini w'iterambere mu gisata c'amahinguriro. Ubutunzi bw'ibihugu vyifashe burangwa n'ibiharuro mfatiro vy'ingero y'iterambere mu butunzi, umwimbu-mfatiro wa buri mwenegihugu (PIB) uri ku rugero rwo hejuru (umwimbu ushimishije) hamwe n'uruhara rw'ibisata mw'iyongerekana ry'umwimbu wa buri mwenegihugu mu gisata c'amahinguriro n'ibindi bikorwa bitandukanye.

N'ubwo igice kiraba ivy'«ubutunzi » ari co ciganje kandi kikaba kidahara mw'iterambere, Uburundi bufatira iciyumviro c'iterambere ku ndondoro itangwa n'ikigo gikurikirana iterambere muri Afrika (OBEMA) kigifata ico gice nk'ikintu gifatira ku bintu vyinshi no mu mpande nyinshi. Muri iyo ntumbero nyene, iterambere rifatirwa ku nyungu nyawibonekeza za bose. Mu yandi majambo, iterambere ni urugendo aho usanga iterambere mu vy'ubutunzi bw'igihugu rivamwo inyungu zisangiwe n'abantu bose bagize ikibano, aho usanga inzego zishinze imizi. Mu vyegeranyo vyaco, OBEMA yerekana Uburundi nk'igihugu gifise amahirwe yo kuba igihugu cifashe, ni ukuvuga, igihugu nahoh gifise ibikenewe hamwe n'ubushobozi bukomeye, ariko butarashobora kubikoresha nk'uko bibereye kugira bushike kw'iterambere bwipfuza. Icipfuzo c'Uburundi, biciye muri iki gicapo c'imbonakazoza, ni ugushira mu ngiro ibishoboka vyose Uburundi bufise kugira bibushikane ku gihugu cifashe mu mwaka w'2040 n'igihugu giteye imbere mu mwaka w'2060.



I. IMBONAKAZOZA, INTUMBERO HAMWE N'UKO VYIFASHE M'UBURUNDI, IGIHUGU CIFASHE MU MWAKA W'2040 N'IGIHUGU GITEYE IMBERE MU MWAKA W'2060

I.1. Imbonakazoza y'Uburundi, Ighugu cifashe mu mwaka w'2040, n'ighugu giteye imbere mu mwaka w'2060.

Mu nzira y'iterambere, ukuba igihugu cifashe ni intambwe ikomeye, bisubiye, imbonakazoza y'Uburundi nk'ighugu cifashe idondorwa uku gukurikira: « *Mu mwaka w'2040, Uburundi buzoba ari igihugu gisazagayemwo amahoro n'amahonda, aho umuntu wese aba mu buzima bwiza, aho ata muntu yicwa n'indwara yokingiwe canke yovuwe, haboneka ubutunzi bushingiye ku bisata vy'uburimyi n'ubworoz ihamwe n'igisata c'amahinguriro, yongera akanovera k'ivyimburwa no gucukura ubutare ku nyungu z'ighugu na beneco; vyose hamwe, mu kubungabunga ibidukikije hamwe no kwitaho ibijanye n'uburinganire bw'ibitsina ».*

Ugutunganya iyo mbonakazoza y'umwaka w'2040 bizotuma Uburundi buba igihugu aho umwe wese afungura neza, aho bose bafise uburaro bwiza, aho umwana wese aronswa indero y'akanovera, aho umuntu wese akuze afise akazi keza, kandi aho inzego zo gutegekaniriza kazoza abakozi zitunganijwe neza. Ubutunzi bw'Uburundi buzoshigikirwa n'inyubako nziza hamwe n'igisata c'amahinguriro y'ibivuye mu burimyi n'ubworoz ihiagaze neza haba hagati mu igihugu canke hanze y'ighugu, igisata c'ubutare bucukuwe kandi butanga umwimbu, hamwe n'igisata c'ibikorwa bitandukanye, bizana umusaruro kandi bigezweho. Uburundi buzoba igihugu gikingira kikaduza agaciro k'ibikorwa ndangakaranga, ubutandukane rw'ibidukikije, kandi kironsa bose amahirwe angana.

I.2. Intumbero y'imbonakazoza

Nk'ishusho y'iterambere na kazoza kitezwe k' Uburundi, imbonakazoza y'Uburundi, igihugu cifashe mu mwaka w'2040 n'ighugu giteye imbere mu mwaka w'2060, ifise intumbero ikurikira **«guteza imbere ukubaho neza kw'abantu no kugabanya ubusumbasumbane hagati yabo».**

Muri iyo nzira irora kw'iterambere, intumbero y'imbonakazoza ni kugira Uburundi buba igihugu giteye imbere bivuye kw'iyongerekana ry'umwimbu w'ibantu n'akazi, hamwe n'ihinduka ry'inyubako, uko bitunganijwe bigatuma abantu bongereza icizere co kubaho, ugutorera inyishu ivya nkenerwa nyamukuru mu buzima bw'umuntu, ukugabanya ubusumbasumbane, ubushomeri n'ubukene ubwo ari bwo bwose. Mu ntumbero yo gushikira iterambere rirama, iyi mbonakazoza izokwisungwa mu gutunganya imigambi mikuru mikuru, yongere ironse intumbero y'ibikorwa vy'iterambere bigana intumbero yitezwe mu gukoresha uburyo butuma abantu bagira ubuzima bwiza gusumba, biturutse ku bikorwa vyerekeye gukingira ibidukikije, kwitaho ibibazo bijanye n'uburinganire bw'ibitsina.



AMAHANGIRO, IBIMENYETSO-MFATIRO N'AMEREKEZO DUSANGA MU NTUMBERO Y'IMBONAKAZOZA

	IBIMENYETSO-MFATIRO	IFATIRO (2020/22)	AMEREKEZO 2040	AMEREKEZO 2060
INTUMBERO Y'IMBONAKAZOZA : GUTEZA IMBERE UKUBAHO NEZA KW'ABANTU NO KUGABANYA UBUSUMBASUMBANE				
1.	Icizere c'ubuzima co kubaho (imyaka)	59,7 (2022)	64,3	80
2.	Urugero-mfatiro rw'igwirirana ry'abantu	2,1 (2022)	1,5	1
3.	Ibimenyetso-mfatiro muri make ku bijanye no kurondoka	5,5 (2017)	3	2,5
4.	Ibimenyetso-mfatiro ku bijanye n'iterambere ry'umuntu (IDH : 0-1)	0,42 (2021)	0,5	0,7
5.	Urugero rw'ubukene bw'amafaranga kuri buri muntu (% vy'abenegihugu)	51,4 (2020)	50	20
6.	Umwimbu wo ku mwaka/umwenegihugu (USD) INSBU	353,7 (2021)	2000	4500
7.	Ibimenyetso-mfatiro GINI (uburinganire mu kugabanganya umwimbu)	37,1 (2020)	35	30
8.	Urugero rwo kuberanya abagabo/abagore ufatiye ku baronswa akazi kazwi	102,49 (2020)	100	100
9.	Abakozi bahembwa ku kwezi (ku vy'ijana (%) vy'abenegihugu bakora)	14,2 (2020)	30	70

Ishusho ya 1 : Amahangiro, Ibimenyetso-mfatiro n'amerekezo dusanga mu ntumbero y'imbonakazoza

I.3. Inyubako n'imfatiro ry'iterambere

Indoto yo guhindura Uburundi "*igihugu cifashe mu mwaka w'2040 n'igihugu giteye imbere mu mwaka w'2060*" igaragaza ubushake bwa Reta y'Uburundi bwo kubungabunga ukubaho neza kw'abenegihugu biciye mu mugambi ushingiye mu "*nzira y'ubushake*" bw'iterambere. Barongowe bagakurikiranwa na Reta, abo biraba bose (abikorera utwabo, amashirahamwe, inzego z'intwaro yegereye abenegihugu, n'ibindi) bazohamagarirwa guteza imbere uburyo nyabwo bush-obora gushikana kure inkurikizi z'imigambi iganisha kw'iterambere ry'abenegihugu bose rirama, kandi ridakumira.

Mu gushira Uburundi muri iyo nzira nshasha, iyi mbonakazoza yo kuba igihugu cifashe n'igihugu giteye imbere izoba ishingiye ku "*bwoko bw'iterambere bushingiye ku bikorwa vya Reta, gutegura no guhuza inguvu zerek-eye uguhindura inyubako, iterambere ry'igisata c'abikorera utwabo no gukoresha ubushobozzi bwose bw'igihugu mu vy'ubutunzi.*"

I.4. Uko vyifashe mu bijanye n'imbonakazoza

Indoto yo guhindura Uburundi "*igihugu cifashe mu mwaka w'2040 n'igihugu giteye imbere mu mwaka w'2060*", igaragaza ko Reta y'Uburundi yi yemeje gutera intege igisata c'ubutunzi n'inzego z'igihugu m'Uburundi, no gukora ibishoboka vyose vyotuma hiyongera umwimbu mu bisata vyose vy'igihugu kugira bitume haba impinduka iboneka mu kubaho kw'abenegihugu.

Ibi na vyo bigaragaza ubushake buhari n'uburyo bwo gushimangira uko ibintu bikorwa mu gisata c'ubutunzi ku rwego rw'igihugu, hamwe n'iterambere mu butunzi biciye mu gushora imitahe ikenewe mu bisata vy'imibano.



Iyi ngendo ya Reta y'Uburundi ishimikiye
ku bantu nyamukuru bitatu :

01

Uguhindura inyubako
y'ubutunzi kugira
twongereze umuvuduko
w'iterambere ry'ubutunzi
hubahirijwe ibidukikije;

02

Ugufata ingingo
hisunzwe imvo ziboneka
hamwe n'uburyo nyabwo
bwo gutunganya no
gutekanya uburyo
bukanewe ufatiye ku co
wipfuza gushikako/imigambi
itegekanywa.


03

Kwongereza imibereho
y'abenegihugu no gukora
ibishoboka vyose kugira
igwirirana ry'abantu
rigume ku rugero
rwemewe;

II. INKINGI, AMAHANGIRO YA KAZOZA N'ICO IMBONAKAZOZA YIPFUZA

II.1. INKINGI

Bakoresheje «Inzira y'ubushake» bw'iterambere n'inguvu zidasanzwe Reta ishira mu guhuza ibikorwa, abo biraba bose bategerezwa gukorera mu runani kugira bashike ku vyitezwe kuri iyi mbonakazoza ishingiye ku nkinci zitanu.



Ishusho ya 1: Inkingi z'iterambere ry'Uburundi



II.2. AMAHANGIRO YA KAZOZA N'IVYO ITERAMBERE RY'UBURUNDI RYIPFUZA GUSHIKAKO

Uburundi kugira bube igihugu cifashe mu mwaka w'2040 bizoca mu kurangura amahangiro 22 ya kazoza. Nk'isoko ry'iterambere no kurongora neza imigambi-mfatiro ku rwego rw'igihugu kugira habe ugutera intege iterambere mu butunzi n'imibano m' Uburundi, imbonakazoza y'Uburundi nk'igihugu cifashe mu mwaka w'2040 n'igihugu giteye imbere mu mwaka w'2060 ifise ihangiro nyamukuru ryo kuduza umwimbu w'ivyimburwa n'ibikorwa, kugabanya no kurandurana n'imizi ubusumbasumbane ubwo ari bwo bwose no guteza imbere ku buryo buboneka ukubaho neza kw'Abarundi biciye mu kurangura amahangiro mirongo ibiri n'abiri (22) ashingiye ku nkingi zitanu (5).



Ihangiro rya 1

Kwongereza ubushobozi bw'inzego z'igihugu

Ubushobozi bw'inzego za Reta ni ikintu gikomeye cane co kwitondera kugira igihugu gishike kw'iterambere. Muri iyo ntumbero nyene, kwongereza ubushobozi ni co Uburundi bubwirizwa guherako ku buryo budasanzwe, imbere y'ibindi vyose bitegekanya mu ntumbero yo gushika ku mbonakazoza y'igihugu cifashe mu mwaka w'2040 n'igihugu giteye imbere mu mwaka w'2060. Iki ni ikintu gikomeye kibwirizwa kuva mu nzira kubera ko inzego za Reta n'ubushobozi bwazo ari vyo bitandukanya igihugu n'ikindi mu bijanye n'ivyo binobihugu bishikako, hamwe n'ivyo vyipfuza gushikako mu bijanye no gutunganya itunga rusangi rihari, ariko rigereranye ugereranije n'urugero rurerure rw'abarihanze amaso (mu kibano).

Kubera ivyo, ubushobozi bw'inzego z'igihugu ni umushinge nyawo wo kudondora neza no gushira mu ngiro imigambi ngenderwako, burongera bugasobanura ibihari canke ibitura ariko bike-newe mu ntumbero yo gushika ku mahangiro nyamukuru y'iterambere ry'igihugu. Ni ngomba-wa rero ko umuntu abanza gukomeza ubushobozi bw'inzego z'ubutungane n'izo umutekano, mu ntumbero yo gutanga intumbero irashe y'uko ibantu bikorwa muri izo nzego.

Hanyuma, ni ukwongereza ubumenyi n'ubushobozi bw'abakozi bakaronswa ibikoresho vy'ubuhinga bwa none bujanye n'umurindi wo kwongereza akanovera k'ibikorwa mu gisata c'ubutungane. Mu gusozena, birakenewe ko hatezwa imbere mu bakozi agatima ko kwumva ko hari ico bitezweko kandi babazwa, kwongereza umurindi w'uko imanza ziburanishwa mu butungane hamwe no kuduza urugero w'ubunyamwuga mu bakozi b'urwego rw'umutekano, vyose mu ntumbero yo kwongereza icizere Leta ifise imbere mu gihugu

n'imbere y'abo dufashanya mu bikorwa vy'iterambere, kubungabunga no gukingira ibikorwa bizana umwimbu, ukuzana imitahe mu gihugu, no gushira mu ngiro umugambi ngenderwako udasi-ga umwenegihugu n'umwe inyuma. Kugira abarongozi b'inkerebutsi mu via poritike no muri Reta ni nkenerwa mw'irangurwa ry'ibikorwa bishikana igihugu kw'iterambere «ingendo yo gutera imbere, Reta iteza imbere». Ni ikintu gikomeye kubera ko kiraba ibibazo nyamukuru vy'umutekano w'abenegihugu, ibantu bifise inkurikizi ku bwizigirwa abagwizatunga bo mu gihugu canke b'abanyamahanga bagirira Reta bafatiye k'uko boroherezwa mu bikorwa vyabo, uko cibonekeza nk'igihugu kigengwa n'amatege-ko, ukworoherenza abanyamitahe mu kubaha uturusho kugira igihugu c'Uburundi kibandanye gikwegakwega abanyamitahe, uburenganzira buhabwa umwenegihugu bwo gushikiriza iviyumviro vyiwe ataco yinona, ko imice yose y'abenegihugu iserukirwa mu via poritike, tutibagiye no guteza imbere inyubako y'ubuhinga bwo kwegeranya ibiharuro-mfatiro.

Gutorera inyishu ikibazo gikomeye muri ibi, ahanini ni uguha agaciro igikorwa co gushinga inyubako y'intwaro ibereye iterambere, ishoboye koko kuronsa abenegihugu ibantu n'ibikorwa bakeneye bikwiye kandi vy'akanovera kandi bijanye neza na neza n'ivyo basaba. Ku bijanye n'urwego nshingwantwaro, ni vyiza ko haba ukwegerenza ubutegetsi abenegihugu ku buryo umwe wese amenya ivyo ajejwe, aho ububasha bwiwe buhera n'aho bugarukira iyo hageze gufata ingingo, guteza imbere ingendo y'uko ivyo ukora bigira ico bivamwo hamwe no gusununura umwimbu w'ibikorwa n'abakozi bo mu ntwaro. Ibi na vyo bisaba ko abajejwe intwaro bongere-rezwa ubumenyi, mu kugwiza inyigisho bahabwa bari ku kivi bijanye n'ivyo intwaro iba ikeneye, guteza imbere ingendo yo gukoresha ubuhinga



bwa none (TIC) no gukora ibishoboka vyose kugira inzego zose zikoreshe ubuhinga bwa none mu bikorwa vyabo vya misi yose. Birakenewe cane ko hongerezwa agatima ko gukorera ku mugaragaro, kwubahiriza amategeko agenga uko ibintu bikorwa n'uko hasuzumwa umwimbu w'ibikorwa. Vyongeye, birakwiye ko hashingwa inzego, amategeko n'amabwirizwa yorohereza iterambere ry'igisata c'abikorera utwabo hamwe n'iterambere rirama kandi ridakumira.

Bisubiye, ukwongereza akanovera k'ibikorwa vya Reta bica mu gushimangira umugambi wo kwegereza intwaro abenegihugu, (harimwo no mu kwubaka imigambi ya Reta) n'uwo kwegereza intwaro abenegihugu, hagahabwa ububasha n'ikibanza inzego zo hasi mu kibano, kugira na ntaryo zino nzego nyene zishobore kwegereza intwaro abenegihugu. Ni vyo hari vyinshi bimaze kurangurwa mu bijanye no kwegereza intwaro abenegihugu, ndetse n'ibikorwa bitandukanye biramaze kurangurwa mu bijanye no kuronsa inzego zo hasi ububasha, ubushobozi hamwe n'ubwigenge mw'itunganywa ry'ivyo bajejwe, ariko haracariho ivyo gukora kugira koko intwaro

yegerezwe abenegihugu kurusha haba muvya poritike, ivy'intwaro canke ibijanye n'amafaranga hamwe n'amakori. Mu ntumbero yo kwagura uruhara n'ubushobozi bw'inzego zo hasi, ikibazo co gukura mu nzira, ni ukuronsa ububasha canke uruhara kugira intwaro yegere umwenegihugu, kwegeranya no gutunganya neza uburyo buri aho aherereye. Ibi bisaba kwongereza no gukurikirani-ra hafi ibiriko birakorwa, kugira dushike neza na neza ku ntumbero yo kwegereza intwaro abenegihugu bongere baronke n'ubwigenge nyabwo mw'itunganywa n'ikoreshwa ry'amafaranga bajejwe. Hari ivyo gukorwa kugira habe koko kuberanya uburyo bw'amafaranga ari mu minwe y'abarongoye inzego zo hasi hamwe n'ivyo bajejwe (ukwigenga no gutunganya neza uburyo bw'amafaranga). Ubutegetsi bwo ku rwego rw'ighugu buzobwirizwa gusuzuma ubushobozi bujanye n'ivy'amakori (ubushobozi-tozakori) bw'inzego zo hasi n'uko bakoresha amafaranga, kugira bakomeze ubuhinga bwo guhanahana amafaranga mu gihe cose bikenewe na canecane mu ntumbero y'imigambi y'iterambere hagati y'imibano.



Ihangiro rya 2 Gutsimbataza ishaka rya Reta

Igisata ca poritike ni kirumara mu migambi iyo ari yo yose yotuma igihugu kiba igihugu cifashe canke giteye imbere. Kahise kerekanye ko poritike n'uburyo igihugu kirongowe vyerekana neza uko ubutegetsi n'abakozi ba Reta babikora, birerekana neza uko igihugu gitera kija imbere. Gushimangira ubushake bw'abarongoye igihugu ni kimwe mu bibazo bikomeye canecane ko aho gutunganya neza igihugu bisaba ko haba uburongozi bukomeye kandi bubona kure.

Ni ikibazo gikora ku bisata vy'akanovera k'uburongozi bw'abatware n'ubushobozi bafise bwo kurongora abandi neza na canecane impinduka zifasha gushika kuri bikuru bikuru mu bitegekanywa, ukubona abarongozi bashobora guhurira ku kintu kimwe mu mpinduka bakorana n'amashirahamwe adaharanira ivyicaro vy a poritike ata cononekaye ku mahangiro yabo, ubushobozi no kuba umurongozi ashobora kwiyemeza kuyaga n'abandi bakorana bakomoka mu bindi bice vy'ubuzima bw'igihugu hamwe n'amashira

hamwe mpuzamakungu. Ubushake bwa Reta bujana n'ubushake bw'abenegihugu biciye mu buryo butunganijwe kugira uwo ari we wese ashobore kuronswa ijambo kandi « ahabwe akanya ko kugira ico abivuzeko ». Imbonakazoza y'Uburundi, igihugu cifashe mu mwaka w'2040 n'igihugu giteye imbere mu mwaka w'2060, izanye uburyo bushasha bwo kubona ibantu ukundi gusha, butegeka abenegihugu guhindura ingendo, umutima wo gukunda ibikorwa, imigenzo myiza no kudatezure ku co wiyeje. Ugushinga imitahe mu kwitabira ibikorwa bituma abantu baronswa ikibanza n'ijambo, hamwe n'uko abenegihugu bose bagira uruhara bizofasha ko huzuzwa kimwe mu bituma imbonakazoza ishikwako, hamwe no kugabanya intambamyi bijanye.

Biciye muri uko kuzana imitahe nyene, ico abenegihugu babazwa nk'abantu baronkejwe ubumenyi n'ubushobozi bizokomezwa no gukurikirana abanyangihugu bigenewe mu buryo buborohereza ku ngero zose.



Ihangiro rya 3

Guteza imbere uburimyi burwiza ubutunzi n'imfungurwa zikwiye

Nk'isoko nyamukuru ry'umwimbu hamwe n'ico bifatirwako mu guharura uko imiryango ifungura, uburimyi bubwirizwa kwitabwaho bidasanzwe, bushirwemwo imitahe myinshi haba mu bikoresho bigezweho, hamwe n'abarimyi kugira turwize umwimbu n'iterambere muri ico gisata, gukomeza na ntaryo igikorwa co kubangikanya uburimyi n'igisata c'amahinguriro kugira twubakire k'ukurwiza umwimbu ku ngero zose z'uko bikorwa, mu ntumbero yo kubironsa akanovera. Mu ntumbero y'Uburundi, igihugu cifashe, ibikorwa vyinshi bibwirizwa kurangurwa mu ntumbero y'imigambi y'iterambere, kugira hakomezwe igisata c'uburimyi gisanzwe gisahiriza mu kuronka imfungurwa zikwiye mu kwimbura ibifungurwa, no mu kurwiza ubutunzi biciye mu kurwiza umwimbu w'abrimyi. Birakenewe guteza imbere ikintu gituma haba kugwiza amahinguriro atanga akazi n'iterambere, mu ntumbero yo gutera intege igisata c'abakora ibikenewe mw'iterambere ry'amahinguriro ashingiye ku bikomoka mu burimyi. Uburundi bukeneye uburimyi n'igisata c'amahinguriro y'ibiva mu burimyi, nk'igisata gitanga akazi, kandi gikwegakwega abarwizatunga ngo baze ku gishiramwo imitahe, igisata kiriko kiratera imbere ariko cubahiriza ibisabwa mu gukingira ibidukikije.



Ihangiro rya 4 **Kwongereza urugero rw'umuyagankuba no kworohereza abawukeneye**

Uguhingura umuyagankuba ni nkenerwa cane kugira habe impinduka mu nyubako y'ubutunzi hamwe n'iterambere rirama. Naho biri uko, Uburundi bwarameaze igihe c'emyaka myinshi buri mu bukene bw'umuyagankuba, n'nyubako zihasanze zirashaje, kanatsinda zimwe muri zo zubatswe mu myaka yo kwikukira kw'Uburundi. Kubera ivyo, igisata c'amasonko ntanganguvu ni igisata gikeneye gushirwamwo imitahe minini, kugira ngo inyubako n'ibikoresho bihasanzwe bishobore kunagurwa, hanyuma dushobore guhingura umuyagankuba mwinshi ku giciro kigereranye, kugira uno muyagankuba uterere mu gushika k'Uburundi bwifashe, na canecane muri iki gihe twinjiye « mu karere ka Afrika ko guhanahaniramwo ibidandazwa ata kirishwe - ZLECAF ». Ukwongereza umwimbu ku rwego rw'igihugu rw'ibantu n'ibikorwa hamwe no gushoboza abenegihugu kuronka umuyagankuba, na canecane ku bari hagati mu gihugu n'ababa ku nkengera y'ibisagara.



Ihangiro rya 5

Kunagura inyubako nkenerwa no gushobora gushika mu bice vyose

Uburundi burakeneye kuba bufise inyubako zitunganije neza, ni ukuvuga, zifasha mu kugwiza umwimbu no mu kwongereza ububasha bwo kugwiza umwimbu, hamwe no mu gutera intege igikorwa co kuzamura ubutunzi muri rusangi (kwimbura-guhingura-kudandaza) ku ruhande rumwe, no kugira ico wungukiye mu mahirwe atangwa n'imiryango y'ibihugu bisangiyе uburere (CER) gisanzwe gikukira, eka n'ahandi, mu ntumbero y'akarere ka ZLECAF. Kugira habe iterambere riboneka ry'ubutunzi m'Uburundi, ibikorwa bidasanzwe bibwirizwa kurangurwa mw'iterambere ry'inyubako zijanye n'ukwunguruza abantu n'ibantu, biciye mu nzira zitandukanye nko (i) mu mabarabara ya kijambere kandi yubatse neza, kugira bishobore gushika mu bice vyose vy'Uburundi no kworohereza ihanahanwa ry'ibidandazwa n'abakozi, (ii) ibikoresho bijanye no kwunguruza ibidandazwa n'abantu biciye mu mazi no ku ndarayi, kugira tubashe kwugururira Uburundi kw'ibahari kandi igihugu kihungukire aho gisanzwe giherereye muri aka karere (umurwa mukuru w'Ubutunzi i Bujumbura), mu ntumbero yo kworosha ihanahanwa ry'ibidandazwa n'imiryango y'ibihugu bisangiyе akarere ka CER na ZLECAF. Vyongeye, iterambere ry'inyubako zifasha abarundi gukoresha ubuhinga bwa none bwo guhanahana amakuru no gutumatumanako rizoshobora guteza imbere ibikorwa bitanga umwimbu, gutyo bigatanga umwimbu wisununuye, ari nako horoshwa kandi hatezwa imbere urugero n'akanovera ko guhanahana ibidandanzwa hagati mu gihugu, co kimwe n'abo dukorana bo hanze y'igihugu. Ukunagura inyubako bizofasha kugabanya ikiguzi cavyo, gutera intege umurindi wo kuja hamwe mu karere biturutse mu kworosha uruja n'uruza rw'abantu n'ibantu mu karere, tutibagiye ico ibi bishobora kwungura igisata c'ingenzi n'ibindi bikorwa vyose hamwe n'amahinguriro atandukanye bijanye (ubuhinga bwo gucapa, kubumba, n'iyindi myuga....).





Ihangiro rya 6
**Gutunganya no gukomeza igisata c'ubutunzi
ku rwego rw'igihugu**



Mu ntumbero y'iterambere, ubwa mbere, ugukomeza neza igisata c'ubutunzi ku rwego rw'igihugu, bituma abanyamitahe baturumbira kuzana imitahe yabo mu gihugu n'iyindi migambi ishigikira igikorwa co guteza imbere ubutunzi, ahandi na ho mu kwiyumvira no gushirahamwe imigambi mikuru mikuru y'igihugu. Mu kwinjira kuri uwo murongo w'iterambere ryerekeza kw'iterambere ry'igihugu, Uburundi burakeneye gukoresha inguvu zose zikenewe mu nzira yo gutunganya neza inyubako, hamwe n'ibiranga umugambi mukuru ugenga amafaranga no gutunganya ifaranga ry'Uburundi n'ayandi mafaranga mvakungu, umugambi mukuru ugenga amafaranga akoreshwa n'igihugu hamwe no gufata ingurane kugira habe uburinganire mu vy'ubutunzi ku rwego rw'igihugu. Ibi bisigura ko bategerezwa kwama bariko baragenzura na ntaryo uko ubutunzi bwifashe ku rwego rw'igihugu, kugira hiyumvirwe hakiri kare ingingo zibereye zo gutorera umuti ikibazo, mu gihe habaye ihungabana ry'uburinganire haba hagati mu gihugu (ku bijanye n'ibiciro, ingurane...) canke hanze y'igihugu (uburinganire mu bidandazwa, uko ifaranga rigereranywa n'irindi).

Mu yandi majambo, Uburundi burakeneye guhinyanyura aho buhagaze mu bijanye n'uko ubutunzi nyezina bwifashe ku rwego rw'igihugu, na canecane urugero rw'ibihari n'ibikenewe. Gutunganya neza igisata c'ubutunzi ku rwego rw'igihugu ni ikibazo gikomeye kibwirizwa gutorerwa umuti hagati mu gihugu, mw'itunganywa ry'imigambi mikuru mikuru no hanze y'igihugu, kugira hubahirizwe ibimenyetso-mfatiro vyemejwe n'amashirahamwe y'ubutunzi Uburundi bwinjiyemwo.



Ihangiro rya 7

Guteza imbere igisata c'amahinguriro ku buryo gishobora guhiganwa n'ayandi

Iterambere ry'amahinguriro rifise akamaro kadasanzwe, rifasha kuduza umwimbu kuri buri muntu ku mwaka, ariko kandi, kugira ighugu giseruke kw'isoko ku rwego rw'akarere, rwa Afrika na mpuza-makunga. Ku bijanye n'uko igisata c'amahinguriro cifashe ku rwego rw'ighugu, iterambere ry'ico gisata ni ngombwa kugira Uburundi bushobore gutera imbere; ivyo na vyo bisaba imitahe minini hashingwe amahinguriro hisunzwe ubuhinga bwa none, no gukomeza ubushobozi bw'amahinguriro ahazanze na canecane mu bisata vy'uburimyi n'ubworozi, ubutare, n'ibindi.

Mu ntumbero yo gutuma Uburundi buba ighugu cifashe mu mwaka w'2040, hamwe n'ighugu giteye imbere mu mwaka w'2060, iterambere ry'igisata c'amahinguriro (mu bijanye n'uruhara rw'igisata kimwe kimwe umwimbu uharurwa kuri buri muntu ku mwaka - PIB) bitegerezwa kujana no guhiganwa muguhigura vyiza. Ibi bisigura ko hategerezwa kuboneka urugero rwiyongereye rw'ibidan-dazwabihinguwe, bifiseakanovera gakwiye kandi bifise agaciro kisununuye kugira bishobore gufasha no kuba ku rugero rukwiye ufatiye ku vyo abo mu karere, muri Afrika, n'ab'ahandi bakeneye. N'ubwo biri uko, hari ivyo gukora vyinshi kugira hongerezwe ubumenyi-kinyamwuga bw'abakozi, inyigisho, no gutera intenge hamwe no guserura impano zijanye n'ibikenewe mu guteza imbere igisata c'amahinguriro no kwongereza akanovera k'ibihingurwa m'Uburundi.



Ihangiro rya 8

**Guteza imbere igisata co kuziganya no kuguranana hamwe
n'ubuhinga bwa none bukoreshwa mu guhanahana amakuru
no gutumatumanako (TIC)**

Nka kimwe mu bituma haba iterambere ry'igihugu, ugushobora gushikira ibisata vyo kuziganya no kuguranana ni nkoramutima, kugira ngo habe iterambere ry'igisata ca Reta n'ic'abikorera utwabo. Kugira dushobore kwinjira neza mu nzira y'iterambere, Uburundi bubwirizwa gukomeza no kwagura imigambi n'ibikorwa, kugira buduze urugero rw'ababitsa bakabikuza (ku benegihugu bose barenza imyaka icumi n'umunani). Ibikorwa vyose vyokorwa kugira haduzwe urugero rw'abantu bakuze babika bakabikuza mu ma banki bibwirizwa guherekezwa na ntaryo n'ibikorwa vy'ubuhinga ngurukanabumenyi (TIC). Birakenewe cane rero ko hashimangirwa hakongera hagakomezwa neza na neza iterambere rimaze kwigaragaza mu bikorwa vya banki ngendanwa mu gukoresha imihora ngurukanabumenyi. Birakwiye rero guteza imbere ibimaze gushikwako mu ntumbero yo kudandaza no guhanahana amafaranga biciye mu buhinga ngurukanabumenyi.

Iterambere ry'ubuhinga bwa none (TIC) buca ku mbuga ngurukanabumenyi rizotuma ibikorwa vyo mu gisata c'amabankibihindura ishusho ryongereze n'ubushobozi bwo kuronswa ibikenewe mu bijanye no kuziganya, kuronswa ingurane, kuriha, ubwishingizi hamwe no guhanahana amafaranga ; ari na vyo bizohava bifasha mu gushigikira no gukomeza ibikorwa vyo kugwiza umwimbu hamwe no kugwiza urugero rw'ubutunzi. Ibi vyerekana akamaro ko guteza imbere ibigo vyo kuziganya no kuguranana (amabanki, ibigo vyo kuziganya no kurana, uburyo bwo guhanahana amafaranga biciye ku buhinga ngurukanabumenyi, ubuhinga bwo gukoresha amakarata y'ingurane ku buhinga bwa none, amaposita, amakoperative y'ubudandaji) kugira ngo bakoreshe neza amahirwe azanana n'ihinduka hamwe na bishasha mu buhinga ngurukanabumenyi bworosha mu guhanahana amafaranga.

Uretse ko ibi bizontereza urugero rw'abenegihugu bakoresha ibigo vyo kuziganya no kuguranana, bizonatuma abikorera utwabo bashobora kwungukira mu mahirwe atangwa n'iterambere ry'ubuhinga ngurukanabumenyi.



Ihangiro rya 9

Kwongereza inguvu z'ibisata bifasha abavyituye muvyo bakeneye

Igisata gikorera abantu ivyo bakeneye ni igisata gikomeye cane mu guhindura inyubako y'ubutunzi n'iterambere muri rusangi. Kubera ico gisata giterera gushika ku bice 40% mu mwimbu mafatiro kuri mwenegihu (PIB), birakenewe cane ko ico gisata kizamurwa, canecane mu kugwiza ibikorwa bishorwa mu mahanga. Kugeza ubu, Uburundi bwari ighugu gisumira hanze cane mwene ivyo bikorwa, aho ibishorwa hanze biva m'Uburundi biri ku rugero ruto cane. Ni co gituma hakenewe inguvu nyinshi mu bisata vy'ibikoresho, inyubako nziza, guteza imbere igisata co gutoza amakori no gutunganya neza inzira ibidandanzwa bicamwo.



Bizokenerwa cane gushira imitahe mu gisata co kworohereza ihanahanwa ry'ibidandazwa, ukwongereza ibikoresho bikora neza, no guteza imbere igisata c'ingenzi. Ku bijanye n'akamaro k'ubudandaji mu gisata gifasha abacituye muvyo bakeneye, birakwiye gushimangira inzego zifata iya mbere muri ico gisata (itumatumanaiko, amabanki, ubwubatsi, n'ibindi) no gukoresha amahirwe n'ubushobozzi bihasanzwe, canecane mu bijanye n'ibikorwa bishorwa hanze (harimwo ubuhinga bwa none TIC no gutwara ibintu n'abantu, n'ibindi).



Ihangiro rya 10

Kugabanya buhoro buhoro kuzera inze

Kwegeranya uburyo bwo mu gihugu ni ntangere, mu ntumbero yo kwinjira mu nzira y'iterambere, igihe cose mu kugabanya kwama kizera inze, ku mfashanyo mva makungu. Ibi na vyo bigizwe n'imigambi yo kwegeranya amafaranga atozwa mu gihugu biciye mu makori n'amatagisi, no gutuza bimwe biboneka inyuruzwa ry'amakori n'amatagisi, ntiyigere ashika mu kigega ca Reta. Ukwiyongera kw'amafaranga yinjira atojwe mu gihugu rizoca kandi mu gutunganya neza igisata c' ubutare hamwe no gukoresha neza amafaranga avuyemwo, ari na co gituma bikenewe ko haduzwa ubushobozi n'ubuhinga bwo gutungan-ya neza amafaranga y'ighugu. Vyongeye, hakenewe kwongerezwa ubuhinga bwo kuziganya, guteza imbere no kurwiza ibikorwa bikenewe birangurwa n'igisata kiraba ivy'amafaranga mu ntumbero yo gushika kw'iterambere. Ikindi na

co, ni ngombwa kwihutira gushinga isoko y'imitahe ishobora gufasha kugwiza uburyo, bwa Reta canke ubw'abikorera utwabo. Ukugabanya bukebuke urugero rw'imfashanyo bizoca mu gukomeza inkingi z'igisata c'ubutunzi ku rwego rw'ighugu, nk'uko tubibona mw'ihangiro rya 6 hamwe no mu bimenyetso-mfatiro n'amerekezo vyaryo, bijanye no guteza imbere imitahe mvamahanga ishorwa mu gihugu hamwe no guteza imbere ihanahanwa ry'ibidandazwa n'ibikorwa hagati y'ighugu n'amahanga, kugira hashobore kuba uburinganire hagati y'ibisohoka n'ivyinjira, gurtyo haboneke amafaranga mvamakungu mu kigega c'ighugu. Bizoca kandi mu guteza imbere igisata c'amahinguriro n'ico guhanahana ubuhinga bwa none, kirumara muri ico gisata, nk'uko tubisanga mw'ihangiro ry'7 n'ibimenyetso-mfatiro n'amerekezo bijanye.




Ihangiro rya 11

Kwongerereza urwaruka ubushobozi bwo kwitunganiriza akazi.

Mu ntumbero yo guhindura ubutunzi butujana kw'iterambere, Uburundi bwafashe ingingo yo gushira imbere urwaruka, nka kimwe mu bantu bikuru bikuru mu rugamba rw'iterambere ry'ubutunzi bw'ighugu. Igihugu ciyemeje guha ikibanza kiboneka urwaruka kugira ngo rugire uruhara nyarwo, ata wusigaye inyuma mw'iterambere ry'ubutunzi bw'Uburundi.

Intumbero nyamukuru y'ighugu ni uguteza imbere abenegihu-gu, hanyuma akazi na ko kagashingira canecane urwaruka. Ku bw'ivyo, Reta yarateguye umugambi wo gukomeza ubushobozi mu vy'ubutunzi n'akazi k'urwaruka rutagafise ariko rwahejeje amashure, mu ntumbero yo kurworohereza kwitunganiriza akazi gutyo rushobore kurwanya indwara yo kubura ico rukora n'inkurikizi zijanye navyo. Uno mugambi werekeje kandi gukomeza muri rwo umutima wo gukunda igihugu no gutuma rubona ko hari ico rwitezweko mu bikorwa vy'iterambere mu ntumbero yo gushikira ubutunzi budakumira kandi burama.



Ihangiro rya 12 **Kwongereza ubushobozi bw'ubuvuzi bw'intango kuri bose**

Ni vyo Uburundi bwarateye imbere mu bijanye n'amagara y'abantu, ariko haracakenewe gushira inguvu mu kugabanya ubusumbasumbane mu vy'amagara y'abantu, no gutuma imice yose y'abenegihugu bashobora gushira mu ngiro impano zabo zose, mu guteza imbere uko igisata c'amagara y'abantu gikora no kwagura ibikorwa vyaco, ku buryo abenegihugu bose, ku ngero zose bashobora kuronka ubufasha ntungamagara bakeneye. Ibi bisigura ko babwirizwa gukorera hamwe, kurwiza inyubako z'amagara y'abantu kugira bose bashobore gushikayo bitagoranye, gukomeza umuhora imiti icamwo kugira ishikire abayigenewe kandi bayikeneye, kwongereza igitigiri c'abakozi, gushira imitahe mu bikorwa vyo kuronsa abakozi inyigisho n'ibikoresho bigezweho bikoresha ubuhinga bwa none, kwongereza ubushobozi bw'amavuriro kugira abenegihugu bashobore gukorerwa ivyo bakeneye.

Ibi bizongereza ibikorwa birangurirwa ababituye mu bijanye no gupimisha imbanyi, kugabanya urugero rw'abakenyezi bapfa bari kwibaruka, hamwe n'abana bapfa bakivuka, igikuriro c'abana, gutandukanya imvyaro, kurwanya umugera wa SIDA, malariya, igituntu n'indwara ngandanwa.


1. Kugabanya urugero rw'abana bapfa bari munsi y'imyaka itanu




Ihangiro rya 13

Guteza imbere ibikorwa vy'ibitaro bigezweho

Uretse ubuvuzi bw'intango n'ibindi bikorwa mu gisata c'amagara y'abantu, ishaka ryo gushika kw'iterambere ry'Uburundi risaba ko dutorera inyishu ikibazo c'iterambere ry'ubuvuzi bugezweho. Iki ni ikibazo gikomeye cane kuko kirimwo n'ivyo guteza imbere ubumenyi bw'abakozi bo mu gisata c'amagara y'abantu n'ibikoresho bigezweho, kugira ngo biteze imbere ibikorwa vyo kubungabunga amagara y'abantu, urugero n'ubudasa bw'ubumenyi bw'abakozi kugira tubashoboz guhangana n'igwirirana ry'indwara zitandukira (indwara z'umutima, indwara y'igisukari, kanseri, n'ibindi), impanuka, ubushe, abana bavutse hategaze, indembe, indwara zifitaniye isano n'ibusaza n'ibindi. Muri iyo ntumbero nyene, gutorera inyishu iki kibazo bizofasha gutera intambwe iboneka itwerekeza kw'iterambere ry'Uburundi, kubera izotuma haba inyungu (i) ijanye « n'ubutunzi » mu bijanye no gutunganya amafaranga mvamakungu / amafaranga yama ariko ararihwa hanze y'igihugu kubera igisata c'amagara y'abantu m'Uburundi gifise ivyo



kidashoboye, mu bijanye no kuvura indwara zimwe zimwe, binaturutse k'ubumenyi buke mu buhinga bwa none, (ii) kwinjiza amafaranga yo hanze kubera ibikorwa/ubuhinga mu magara y'abantu bitangwa m'Uburundi.



Ihangiro rya 14 **Guteza imbere inyigisho z'intango z'akanovera kuri bose**

N'ubwo hari ibikorwa vyinshi vyashoboye kurangurwa mu nyubako hafatiwe kw'irwirirana ry'abantu, Uburundi buracakeneye gushira imitahe mu kanovera k'indero ku ngero zose, kugira hatorerwe inyishu ibibazo vyibonekeza muri ico gisata gushika ubu, no kuduza urugero rwo kurangura neza ibitegekanijwe, gurtyo vyongereze akanovera keza k'ivyo dusanganywe ngaha m'Uburundi. Intambwe zimaze guterwa zirashimishije mu bijanye n'inyubako, ariko igisata c'inderoko kira

cari mu bisata bigikeneye imitahe myinshi, kugira hongerezwe igitigiri c'inyubako zikomeye kandi zibereye ubu ziboneka ko zikiri nke ugereranije n'ibitigiri vy'abanyeshure dusanga mu mashure mato mato, mu yisumbuye no muri Kaminuza. Haguma hakenewe abakozi, benshi kandi bafise ubumenyi buhagije, ibikoresho vyifashishwa mu kwigisha, kugira twongereze akanovera k'inyigisho zitangwa ku ngero zose, no muri Kaminuza nyene ari na ho tubonera aho igikorwa c'igisata c'inderoko kigeze.



Ihangiro rya 15

Gushiraho inyigisho z'ubuhinga inyuma y'ishure shingiro, zijanye n'ivyo igihugu gikeneye ngo gitere imbere

Uburundi buzosohora abafise ubumenyi bukwiye bubafasha kwishingira amashirahamwe canke bubafasha gukorera mu mashirahamwe abakoresha, abantu baheza bakerekana koko ko baronkejwe inyigisho ijanye n'ivyo abakoresha baba bakeneye ku bakozi babo. Ikindi na co, Uburundi butegerezwa kwitandukanya n'inyigisho-kinyamwuga zerekeye "ubumenyi bw'igifundi: imyuga isanzwe".

Ahubwo buduge ku rundi rugero rw'inyigisho-kinyamwuga bujanye « *n'ubumenyi nyabwo, umutima wo kwibaza, itumatumanako no gufashanya* ». Iki ni ikintu gikomeye kubera ko abo bazoba bize ivyo bashobora gutorera inyishu ibikenewe dusanga kw'isoko y'abanyamwuga.



Ihangiro rya 16

Guteza imbere inyigisho ifise akanovera mu mashure ya kaminuza, mu bushakashatsi no mu buhinga bwa none

Guteza imbere igisata c'amashure ya Kaminuza mu bijanye n'ubushakashatsi hamwe n'ubuhinga, ni ikintu gikomeye cane gishobora gushitsa Uburundi kw'iterambere. Muri iyo ntumbero, habwirizwa kuboneka imitahe myinshi ikoreshwa, mu ntumbero yo guteza imbere inyigisho za Kaminuza muri rusangi, ariko canecane mu bisata vy'ubushakashatsi n'ubuhinga. Amashuri ya kaminuza birakwiye ko yitabwaho cane kugira ashobore kuronsa igihugu abantu b'incabwenge bafise ubumenyi bujanye n'iterambere tugezemwo, bashobora gushitsa Uburundi ku rugero rubereye mu bijanye n'ubuhinga bwa none. Bisubiye, birakenewe gukora impinduka mu gisata c'inyigisho y'imyuga mu ntumbero yo kuronsa abanyeshure ubumenyi bujanye n'ibikenewe kw'isoko ry'akazi, na canecane kugira turonke abakozi babishoboye, haba kw'isoko ryo mu karere no kw'isi yose. Ivyo bizotuma hatezwa imbere indinganizo z'ivyigwa, zitorera inyishu ibibazo vy'ibisata bitanga umwimbu, hamwe no guteza imbere ibikorwa vy'ubushakashatsi busanzwe tutibagiye n'ubushakashatsi bwerekeje kuvumbura bishasha mu bijanye n'ubuhinga.



Ihangiro rya 17

Gutegekaniriza kazoza kuri bose

Haracakenewe gukora vyinshi mu bijanye no gukingira abakozi n'akazi mu buryo bwose hamwe no gushikira abenegihugu benshi bashoboka. Uretse ibikorwa vyiza bimaze gushikwako mu bijanye no gukingira akazi no gutegekaniriza kazoza abakozi birangurwa n'amashirahamwe INSS na ONPR, hamwe no mu bijanye n'amagara y'abantu birangurwa n'ikigo ca mituweri y'abakozi ba Reta, abashobora kuronswa ayo mahirwe baracari bake cane, kuko imice myinshi y'abenegihugu idashobora kuyashikira. (nk'akarorero, ikarata yo kwivurizako yasubiwemwo mu mwaka w'2012 yakoreshwa n'ibice 23.9% vy'abenegihugu bose mu mwaka w' 2022, iyindi karata

abenegihugu bato bato bivurizako ifiswe n'ibice 2% gusa, n'ubwishingizi bw'amagara y'abantu na bwo bufiswe n'ibice 0.5%).

Nta nkeka ko hari vyinshi vyaranguwe muri ico gisata, ariko, biribonekeza ko hakiri vyinshi vyo gukorwa kugira igitigiri c'abaronswa izo karata ciyongere, biciye mu migambi mishasha (ya Reta canke y'abikorera utwabo) muri rusangi no gukingira abakukuru ke n'abandi bageramiwe. Birakwiye ko izo ngero zitatu z'ugukingira abakozi zikomezwa : (i) Kuvugwa, (ii) Kuja kwiga (iii) kuronka amafaranga.





Ihangiro rya 18
**Gutunganya neza ibijanye no
kuronka amazi meza, isuku
n'isukura nk'uko bibereye**

Haracari ibikorwa bikenewe gukorwa kugira igitigiri c'Abarundi bashobora kuronka amazi meza ciyongere kuko abenegihugu bensi ata mazi meza baronka, canecane hagati mu gihugu. Bisubiye, ibikorwa bijanye no kugira isuku birakenewe kugira dukingire abenegihugu bose indwara ziturutse ku mazi mabi, canke k'ukubura ibikoresho bibereye vyo gukora isuku, kugabanya irandagata ry'indwara zikomotse ku mazi mabi, na canecane ku bana bari munsi y'imyaka itanu. Mu bijanye n'isuku, birakenewe ko dushimikira ku bijanye no gutunganya neza imyanda no gukingira ibidukikije.





Ihangiro rya 19

Kwongereza umurindi wo gutunganya neza ibisagara no guteza imbere uburaro bwiza

Hari iterambere ridasanwe mu bijanye no kwagura ibisagara, ariko ibikorwa vyinshi biracakenewe mu bijanye no kurwiza ibisagara bitobito, kugira abantu bagabanuke mu misozi hanyuma indimiro zaguke. Ibi na vyo bibwirizwa guherekezwa no gushira mu ngiro amategeko y'ibisagara bihasanzwe, kugira tugabanye abantu baba ku nkengera z'ibisagara n'inzu zubatswe hadakurikijwe amategeko canke inyubakwa zitabereye.

Ni ikintu gikomeye cane kubera ko urugero rw'ababa mu bisagara rukiri hasi m'Uburundi, kandi ko imiryango yo mu gihugu hagati iba mu bisagara ifise amazi n'amatara hamwe n'ibindi vya nkenerwa ikiri mike. Ibikorwa vyinshi bibwirizwa gukorwa kugira hatunganywe ibibanza vyo kwinezereza.



Ihangiro rya 20

Gukingira ibidukikije no kwongereza ubushobozi bwo guhangana n'ihindagurika ry'ibihe

Gutunganya neza ibijanye no guhangana n'ibibangamiye isi, ni ikibazo gikomeye mu gihe ihindagurika ry'ibihe ritera ingorane mu gukingira ababa babangamiwe. Ni co gituma hakwiye kujaho urwego rutunganya imigambi y'abo bose bafise uruhara mw'itsimbatazwa mu bijanye n'ihindagurika ry'ibihe n'ugukingira ibidukikije. Ivyo bisaba gushira inguvu hamwe ry'abakorera mu gisata kiraba ibikorwa vyo gukingira ibidukikije no kugabanya ingorane z'ihindagurika ry'ibihe no gukingira ibinyabuzima. Kiracari ikibazo gikomeye mu gukingira ibidukikije n'ibinyabuzima mu gutegekanya ibikorwa vyisunga ihindagurika ry'ibihe, uburimi bwisunga ibihe, gutera ibiti mu gihugu ku rugero rushemeye, gusukura kugira ngo turandurane n'imizi malariya n'izindi ndwara zifatiye kw'ihindagurika ry'ibihe. Guteza imbere imigambi y'iterambere rifatiye ku butunzi bw'ivyimburwa, n'ubutunzi buvuye ku mazi, bituma hashirwa mu ngiro ibikorwa birama kandi vy'akamaro.





Ihangiro rya 21 **Gukingira no guteza imbere ubutunzi ndangakaranga kama bw'igihugu**

Gukingira no kwongera agaciro akaranga k'Uburundi ni ngirakamaro, mu gutsimbataza ibikorwa vy'iterambere bishingiye ku mico n'akaranga vy'Abarundi bose. Vyongeye, iri hangiro riri mu ntumbero y'icipfuzo n'ingendo vya Reta aho ishaka gukora ibishoboka vyose mu kugabanya ubutandukane buri hagati y'imico y'abanya-agisagara n'iyo ababa hagati mu gihugu.

Itunga ndangakaranga rusangi rigizwe n'ibanza ndangakaranga rusangi, ibanza vyerekana kahise k'igihugu, ibanza bigizwe n'itunga kama (aho usanga ibinyabuzima bibayeho kumwe, inzuzi, n'ibindi).

Itunga ndangakaranga rigizwe kandi n'ururimi rw'ikirundi, umuziki, intambo n'imvyino ndangakaranga, amayagwa ajanye n'uko basenga aho hambere, imigirwa n'imigenzo bijanye n'ubugeni, n'ibindi. Itunga ndangakaranga rigizwe kandi n'ubugenegene nko kubumba inkono, kujisha, gutamba ingoma no gukoresha ibikoresho vyo gucuraranga. Iryo tunga ndangakaranga ni iryo kubungabunga igihe cose, na canecane rigahabwa ikibanza kibereye mu rwaruka, k'uko rishobora gukwegakwega ingenzi ziva mu mihingo itandukanye y'isi, biciye mu kwongereza ubushobozi n'akanovera ko kwakira neza ingenzi. Nimba gukingira no kwongera agaciro akaranga k'Uburundi ari ngirakamaro, kukanagura no kugateza imbere na vyo ni kirumara, na canecane mu gutera intege abanyatugenegene bahingura bagahinyanyura utuntu n'utundi bakwiragiye hose mu gihugu. Amahinguriro ndangakaranga nk'ireresi, amayagwa, umuziki, intambo z'ikizungu, ibikino, ugutwenza, ugeschushanya, amahiganwa n'ibindi birakwiye gutsimbatazwa.





Ihangiro rya 22 Guhimiriza abafasha mw'iterambere ry'ighugu n'Abarundi baba mu mahanga

Imbonakazoza y'Uburundi nk'ighugu cifashe mu mwaka w'2040 n'ighugu giteye imbere mu mwaka w'2060 itegerezwa guherekezwa n'ibikorwa vyo kwegeranya uburyo buva hanze y'ighugu, ariko na canecane buva mu gisata c'abikorera utwabo. Inguvu nyinshi zitegerezwa gushirwa mu biganiro, mu gukomeza imigenderanire no gufashanya n'ayandi makungu; kugira

bifashe igihugu kiboneke neza no gukwegakwega amashirahamwe afasha mu bikorwa vy'iterambere n'abagwizatunga, mu gisata c'abikorera utwabo (Abarundi canke abanyamahanga). Ni vyiza rero gushiraho ibishobora kubatera intege mu kworohereza abajabuka imbihe no guhamagarira Abarundi bari mu mahanga kuzana imitahe yabo ngaha m'Uburundi.



II.3. IBIMENYETSO-MFATIRO NYAMUKURU N'AMEREKEZO MU MYAKA YA 2040 NA 2060

Ufatiye ku mahangiro 22, ibimenyetso-mfatiro vy'ingaruka n'amerekezo yaraharuwe bafatiye k'uko bizoba vyifashe mu myaka ya 2040 na 2060, k'Uburundi nk'ighugu cifashe n'ighugu giteye imberé muri urwo rutonde nyene. Ibimenyetso-mfatiro n'amerekezo y'amahangiro bishikirizwa ugereranije n'inkingi zitanu (5) z'imbonakazoza. Ishusho ikurikira, yerekana ibimenyetso-mfatiro n'amerekezo, bitondetse ku nkingi ku nkingi mu myaka ya 2040 na 2060.





AMAHANGIRO, IBIMENYETSO-MFATIRO N'AMEREKEZO, BITONDETSE UFATIYE KU NKINGI Z'IMBONAKAZOZA

Amahangiro	Ibimenyetso-mfatiro	Ido n'ido	Ibiharuro-mfatiro 2020/22	Amerekezo 2040	Amerekezo 2060
------------	---------------------	-----------	---------------------------	----------------	----------------

Inkingi ya 1 : IVYO RETA YIYEMEJE

1. Kwongereza ubushobozi bw'inzezo za Reta	Ubushobozi bwa Reta (0-100)		23,40 (2019)	65	80
	Ubushobozi mu biharuro-mfatiro (0-100)		57,7 (2019)	65	95
	Ugukorera ku mugaragaro (0-100)		12,5 (2020)	60	80
	Urwego rw'umutekano (0-100)		17,00 (2018)	85	95
2. Gutsimbataza ishaka rya Reta	Gutsimbataza intwaro rusangi (0-100)		30,00 (2020)	95	99
	Uburongozi bwiza (0-100)		40,00 (2020)	80	95
	Ibimenyetso vy'igiturire ² (0-100)		17 (2022)	60	80
	Gutunganya ivy'ighugu (1-100)		25,00 (2020)	60	80
	Hatagira imidugararo (1-100)		31,10 (2018)	75	90

Inkingi ya 2 : UGUTUNGANYA NEZA IBIJANYE N'UBUTUNZI

3. Guteza imbere uburimyi burwiza ubutunzi n'imfungurwa zikwiye	Ibice Reta itegekaniriza igisata c'uburimyi ³ (% vy'amaranga ya Reta)		9,4 (2022)	10	10
	Ikimenyetso mafatiro mpuzamakungu ku mirire myiza (GFSI ⁴)		40 (2022)	79	84
	Igitigiri c'abantu bafungura neza (%)		55,6(2019)	90	98
4. Kwongereza urugero rw'umuyagankuba no kworohereza abawukeneye	urugero rw'abanegihugu bafise umuyagankuba (%)		22,6 (2020)	100	100
	Urugero rwo gukoresha amasoko ntanganguvu anagurwa		19,79 (2022)	68,98	63,16
	Urugero rwo gukoresha imihora y'umuyagankuba		9,1% (2020)	80	95
	Urugero rwo gukoresha umuyagankuba uva ku mishwarara y'izuba (%)		12,3% (2022)	20	5,8
	Urugero rw'imiryangi ikoresha umuyagankuba mu gihugu hagati (%)		288 592	2 817 657	4 230 430

2. Transparency International iraba ibiturire bitangwa mu gisata can Leta gusa : amanota yegereye 0 yerekana urugero ruri hejuru rw'igiturire, amanota yegereye 100 yerekana urugero ruri hasi rw'igiturire.

3. Aha ni ubushikiranganji bwose bujejwe uburimyi.

4. GFSI : Iraba ibibazo bijanye n'ibiciro bashobora kuriha, ko biriho, akanovera no kuba bashobora kubironka ku rugero rushimishije, ko bashobora kubandanya babironka no kumenya uko bavyifatamwo.



Amahangiro	Ibimenyetso-mfatiro	Ido n'ido	Ibiharuro-mfatiro 2020/22	Amerekezo 2040	Amerekezo 2060
	Urugero rw'amasoko ntanganguvu mu kwimbura umuyagankuba (%)	67 (2022)	77	92	
5. Kunagura inyubako nkenerwa no gushobora gushika mu bice vyose	Urugero rw'amabarabara meza akoreshwa mu bihe vyose (arimwo ikaburimbi n'ayari k'urutonde rw'ighugu) (%) / Uburebure bw'amabarabara yubatswe kandi ameze neza (mu birometero)	77,85 (2022)	90	95	
	Urugero rw'uburebure bw'amabarabara yubakishijwe amabuye mu bisagara	46,6 (2022)	95	99	
	Urugero rw'uburebure bw'amabarabara yubakishijwe ikaburimbo mu bisagara	46,6(2022)	95	99	
	Urugero rw'uburebure bw'ibarabara ry'indarayi ryubatswe	0	100		
	Urugero rw'ubwiza bw'amabarabara yo mu gihugu hagati: (0-100)	41,40 (2019)	80	95	
	Urugero rw'inyubako zibereye (0-100)	15,2(2020)	75	95	
6. Gutunganya no gukomeza igisata c'ubutunzi k'urugero rw'ighugu	Urugero nyezina rw'uko umwimbu ngereranyo wiyyongereye - PIB (%)	1,8 (2022)	12	4	
	Urugero rw'itakara ry'ubushobozi bw'umugazi ku mwaka (en %)	18,9(2022)	4	3	
	Urugero rwo gushora imitahe – FBCF (Reta n'abikorera utwabo) – mu bice % vya PIB	17,7 (2022)	30	30	
	Igihengeri mu mafaranga ategekanywa mu gihugu (% vya PIB)	7 (2022)	< 3	< 3	
	Urugero rw'imitahe iva hanze y'ighugu (mu ma \$ US) / (% vya PIB)	19,1(2022)	9,2	9,2	
	Uko amahera mvamakungu angana mw'ibanki nkuru (ufatiye ku mezi yo kwinjiza ibidandazwa biva hanze)	1,8 (2022)	> 4,5	> 4,5	
	Amafaranga y'agaciro ari muri banki nkuru	19,25 (2022)	25	30	
	Urugero rw'ibishorwa hanze (ivyiburwa n'ibikorwa) mu mwimbu wo mu gihugu	5,7 (2022)	30	50	
	Amanota ya CPIA ku bijanye n'urugero rwo gutunganya neza amafaranga n'ivyo bijanye (1-6)	2,5 (2021)	3,50	4,5	
	Amanota ya CPIA ku bijanye n'urudandazwa njabukambibe (1-6)	4,00 (2021)	4,5	5,5	



Amahangiro	Ibimenyetso-mfatiro	Ido n'ido	Ibiharuro-mfatiro 2020/22	Amerekezo 2040	Amerekezo 2060
7. Guteza imbere igisata c'amahinguriro k'uburyo gishobora guhiganwa n'ayandi	Uruhara rw'amahinguriro mu kwongereza akanovera mu mwimbu w'ighugu (%) vya PIB)		17,1 (2022)	25	35
	Uruhara rw'ibihingurwa hakoreshejwe ubuhinga bubabayaye n'ubuhinga bwo ku rwego rwo hejuru mu ntumbero yo kwongereza akanovera k'ibihingurwa (%)		9,36 (2022)	15	20
	Uruhara rw'ibihingurwa mu bishorwa hanze y'ighugu		0,17 (2022)	5	10
8. Guteza imbere igisata co kuziganya no kuguranana hamwe n'ubuhinga bwa none bukoreshwa mu guhanahana amakuru no gutumatumumanako (TIC)	Ukugene amabanki yegera abenegihugu		29 (2022)	98	99
	Urugero rw'ingurane mu gisata c'abikorera utwabo mu mwimbu w'ighugu		35,1 (2021)	50	75
	Gushira imitahe kw'isoko mpuzamakungu		0 (2022)	5	10
	Urugero (%) rw'abenegihugu bakoresha terefoni ngandanwa		64,27 (2022)	75	85
	Urugero (%) rw'abenegihugu bakoreshako umuhora ngurukanabumenyi		9,1(2022)	90	95
9. Kwongereza inguvu z'ibisata bifasha abavyituye muvyo bakeneye	Uruhara rw'igisata c'amahinguriro mu mwimbu w'ighugu		45,21(2022)	50	55
	Uruhara rw'igisata c'ingenzi mu kwongera akanovera mu mwimbu w'ighugu		1,57 (2022)	10	15
	Uruhara rw'ibigo vyo kuziganya no kuguranana hamwe n'ubwishingizi mu vyoshorwa hanze		6,41 (2022)	10	15
	Ikimenyetso c'urugero rw'uko ibikoresho bikora neza : ubuhinga bw'ikorwa vyiza		2,33 (2018)	2,5	4,5
10. Kugabanya buhoro buhoro kuzera inze	Urugero rw'amatagisi yo mu gihugu hagati mu mwimbu w'ighugu		16,80 (2022)	25	35
	Urugero rw'amakori yo mu gihugu hagati mu mwimbu w'ighugu		14,5(2022)	21,6	30,2
	Amanota ya CPIA mu kwegeranya uburyo bwo kurangura imigambi ya Reta (1-6)		3,0 (2021)	3,50	4,5
	Urugero rw'uburyo buziganywa mu gihugu		5,50	24	30
	Amanota ya CPIA yo mu gisata co kuziganya no kuguranana (1- 6)		2,50 (2021)	3,00	4,5



Amahangiro	Ibimenyetso-mfatiro	Ido n'ido	Ibiharuro-mfatiro 2020/22	Amerekezo 2040	Amerekezo 2060
11. Kwongerereza urwaruka ubushobozzi bwo kwitunganiriza akazi	Urugero rw'urwaruka rutagira akazi (imyaka 15-35)		-	7,97	5

Inkingi ya 3: UBURINGANIRE NO KURORANIRWA MU MIBEREHO Y'ABENEGIHUGU

12. Kwongereza ubushobozzi bw'ubuvuzi bw'intango kuri bose	Urugero rw'abana bari munsi y'imyaka itanu bafungura nabi cane		58 (2022)	15	5
	Urugero rw'abavyeyi bapimisha imbanyi (CPN)		89,9 (2022)	100	100
	Urugero rw'abakenyezi bapfa bari kwibaruka (ku bana 100 000 bavuka)		334 (2017)	Musi ya 70	Musi ya 50
	Urugero rw'abana bapfa bakivuka (iminsi 0-28) ku bana 1000 bariho		23 (2022)	8	4
	Urugero rw'abana bapfa bafise imyaka iri munsi y'itanu (ku bana 1000 bariho)		35 (2022)	12,5	Musi ya 10
	Urugero rw'abakoresha uburyo bwo kurondoka k'urugero		22,9 (2022)	60	85
	Urugero rw'abayabaga basama imbanyi (abana bavuka ku bakobwa 1 000 bafise imyaka 15-19)		53,91 (2017)	15	10
	Urugero rw'abenegigugu bagendana umugera wa SIDA bafise imyaka 15-49	Bose hamwe	0,9 (2022)	0	0
		Ababo	0,6 (2022)	0	0
		Abagore	1,2 (2022)	0	0
	Urugero rw'abarwaye malaria (ku bantu 1.000 bageramiwe)		518 (2022)	50	20
	Urugero rw'abarwaye igituntu (ku bantu 100.000)		103,00 (2022)	25	10
13. Guteza imbere ibikorwa vy'ibitaro bigezweho	Igitigiri c'ibitaro bikoresha ubuhinga bugezweho bikaba bifise n'abanganga kabuhariwe	Vya Reta	1 (2022)	6	6
		Vy'abikorera utwabo	1 (2022)	2	4
	Igitigiri c'ibigo vy'akarorero bipima indwara		0 (2022)	1	2
	Igitigiri c'ibitaro bikoresha skaneri mu gupima abarwayi		3 (2022)	10	12



Amahangiro	Ibimenyetso-mfatiro	Ido n'ido	Ibiharuro-mfatiro 2020/22	Amerekezo 2040	Amerekezo 2060
14. Guteza imbere inyigisho z'intango n'akanovera kuri bose	Urugero rw'abana bari mu mashure yo kwimyenereza (%)		15 (2022)	80	95
	Urugero rw'abana bari mw'ishure shingiro (%)	Bose hamwe	93,2 (2022)	100	100
		Abahungu	94,9 (2022)	100	100
		Abakobwa	91,6 (2022)	100	100
	Urugero rw'abahejeje ishure shingiro (%) vy'abaheza amashure shingiro bakinjira muy'isumbuye)		88,5 (2022)	75	95
	Urugero rw'abaheza ibice bitatu nya mbere vy'ishure shingiro		51,3 (2022)	95	99
	Urugero rw'abaheze igice ca kane c'ishure shingiro uw'7-9 (%)		25,6 (2022)	95	99
	Igitigiri c'abanyeshure biga mu kirasi kimwe mu mashure shingiro		71 (2022)	40	40
15. Gushiraho inyigisho z'ubuhinga inyuma y'ishure shingiro, zijanye n'ivyo igihugu gikeneye ngo gitere imbere	Urugero rw'abiga mu mashure y'inyuma y'ishure shingiro atari ay'ubuhinga (%) vy'igitigiri c'abanyeshure bose bari mu mashure y'inyuma y'ishure shingiro)		25,1 (2022)	50	50
16. Guteza imbere inyigisho ifise akanovera mu mashure ya kaminuza, mu bushakashatsi no mu buhinga bwa none	Urugero rw'abanyeshule biga muri kaminuza ibijanye n'ubushakashatsi, ubuhinga, ubwubatsi, n'ivyigwa bifatiye ku biharuro (STEM) ugereranije n'ibitigiri vy'abanyeshule bose (%).		32 (2022)	55	57
	Urugero rw'amafaranga yose akoreshwa mu gihugu mu bijanye n'ubushakashatsi n'iterambere		0,21 (2022)	2	3
17. Gutegekaniriza kazoza kuri bose.	Inkurikizi z'imigambi yo gukingira no gutegekaniriza kazoza abakozi ku bantu bakene kurusha bandi (%)		45,4 (2022)	55	75
	Urugero rw'abaziganirizwa kazoza		-	60	85
	Amanota ya CPIA mu kuziganiriza no kuvuza abakozi bakukurutse (1-6)		3,0 (2021)	3,5	4,5
18. Kwongereza uburyo nyabwo bwo kuronwa amazi meza, isuku n'ugusukura nk'uko bibereye	Urugero rw'abantu bashobora kuronka amazi meza mu kiringo kiri munsi yiminota mirongo itatu (kugenda no kugaruka)		63 (2022)	88	97
		Mu bisagara	85	95	99
		Hagati mu gihugu	60	80	95
	Urugero rw'ingo zikoresha ubwiherero bwa kijambere budasangiwe.		28 (2020)	90	100

5. Ni ugutanga inyigisho z'imuga kugira hongerezwe amahigwe yo kwitunganiriza akazi canke kuronwa akazi



Amahangiro	Ibimenyetso-mfatiro	Ido n'ido	Ibiharuro-mfatiro 2020/22	Amerekezo 2040	Amerekezo 2060
	Urugero (%) rw'ingo zifise amazi meza aho baba canke aho begeranye.	Mu bisagara	9 (2022)	90	95
19. Kwongereza umurindi wo gutunganya neza ibisagara no guteza imbere uburaro bwiza	Urugero rw'abantu baba mu gisagara (%) vy'abantu)		11 (2022)	40	60
	Urugero rw'abantu baba mu mazu atabereye canke adakwije ibisabwa mu turere tw'ibisagara tudatunganijwe ku rwego rw'ibisagara (%) vy'abantu baba mu gisagara)		47,70 (2022)	25	10
	Urugero rw' abantu bafise ahantu hateguwe ho gukarabira.		4,10 (2020) (mu gisagara+ mu gihugu-hagati)	100	100
	Urugero rw'imiryango iba mu bigwati, ifise (amabarabara meza, amazi, umuyagankuba n'ibindi via nkenerwa		62,15(2022)	75	85

Inkingi ya 4: IBIDUKIKIJE N'ITUNGA KAMA RIRAMA

20. Gukingira ibiduki-kije no kwongereza ubushobozzi bwo guhangana n'ihindagurika ry'ibihe	Urugero rw'uburinganire buriko amashamba (%)		9,9 (2022)	10	10
	Ibisagara birimwo abantu ibihumbi ijana bafise n'ibiriburi ikibanza kimwe co gutunganya kikongera kikaminina amazi acapfuye		20 (2022)	100	100
	Gukingira amasoko y'amazi		-	-	-
	Urugero rw'ivyuka bibi vyonona igisenge /ikirere		14 191,60	15 380,99	
	Urugero rw'amashamba kama akingiwe ugereranije n'uburinganire bwose bw'amashamba butegerezwa gukingirwa		5,18 (2022)	100	100
21. Gukingira no guteza imbere ubutunzi ndangakaranga kama bw'igihugu	Urugero rw'abana bamenya ikibazo c'ikirundi mu mashure shingiro		-	75%	75%
	Urugero rw'ibintu kama vyanditswe mu gisata c'ishirahamwe mpuzamakungu UNESCO		1 (2022)	5	10
	Urugero rw'amaratiro akwega ingenzi zirenga 10.000 ku mwaka		15 (2022)	60	80
	Ibice kw'ijana (%) vy'amahoteli ari ku rutonde rw'ishirahamwe EAC		7 (2022)	100	100



Amahangiro	Ibimenyetso-mfatiro	Ido n'ido	Ibiharuro-mfatiro 2020/22	Amerekezo 2040	Amerekezo 2060
	Igitigiri c'ivyakozwe mu bugenegene		231 (2022)	4 000	10 000

Inkingi ya 5 : UGUASHANYA NEZA

22. Guhimiriza abafasha mw'iterambere ry'ighugu n'abarundi baba mu mahanga	Urugero rw'impashanyo mu mwimbu w'ighugu (PIB)		20 (2022)	15	0
	Amanota ya CPIA mu gutunganya ingurane n'amadeni y'ighugu (1-6) ⁶		2,5 (2021)	3,5	5
	Urugero rw'imitahe ya Reta hamwe n'abikorera utwabo		-	10	15
	Urugero rw'impashanyo y'ibikorwa vy'iterambere Reta yaronse		67,8 (2022)	71,9	80
	Urugero rw'amahera mvamakungu		1,6 (2022)	5	10

6. Umugambi ugenga ingurane urasuzuma ko uburyo bwo gutunganya ingurane bubereye kugira intambamyi zose zigabanywe hanyuma n'inio ngurane igire ico imaze no muri kazoza.

7. Impashanyo y'ibikorwa vy'iterambere (APD) yerekana urugero rwo gutanga ingurane yumvikanyweko aho harihwa inyungu ku buryo bw'uko bihava hari uwo vyegukira (umutaheru nturihwa) hamwe n'intererano ziheza zigatangwa n'ibisata bigize umugwi w'impashanyo mw'iterambere (CAD), amashiragamwe mpuzamakungu



III. IBISHOBOKA N'IVYISUNGWA KUGIRA IGIHUGU GITERE IMBERE

III.1. IBISHOBOKA

Mu ntumbero yo gutera intambwe ijana mw'iterambere, Uburundi buzobwirizwa kuvoma mu bishoboka n'amahirwe busanganywe kugira bushobore gutera intege umugambi uzana impinduka ihagaze ku nyubako no kw'iterambere ry'ubutunzi rirama. Mu bijanye n'ibishoboka, Uburundi bubwirizwa guha agaciro amahirwe bufise ariyo



**AKARANGA, KAHISE,
ITUNGA KAMA RININI
KANDI RITARAHABWA
ACAGIRO**



**KUBA URWARUKA
ARIRWO RWINSHI**

**UBURUNDI
BUBWIRIZWA
GUHA AGACIRO
AMAHIRWE
BUFISE**



**AMASOKO NTANGANGUVU
ATARAKORESHWA (INZUZI, IZUBA,
UMUYAGA N'IBINDI)**



UBUTARE BWINSHI BUTARACUKURWA



**UMWIMBU W'UBURIMYI
UDAHINGUWE**



III.2. IVYISUNGWA

Mu nturnero yo guhindura ibimenyetso-mfatiro vy'ubutunzi ku rwego rw'igihugu, no gushira Uburundi ku nzira y'iterambere, Reta y'Uburundi izofata iya mbere yongere ikoranye abo biraba bose bo mu gisata ca Reta, abikorera utwabo, abari mu mashirahamwe adaharanira ivycaro vya poritike n'abashigikira mw'iterambere kugira bose bakorere mu nturnero y'iyi mbonakazoza:





IV. UKUGENE BIZOSHIRWA MU NGIRO N'UKO BIZOSUZUMWA

Ishirwa mu ngiro ry'imbonakazoza y'Uburundi nk'igihugu cifashe mu mwaka w'2040 n'igihugu giteye imbere mu mwaka w'2060 rizokwisunga ukugene integuro y'urutonde y'ibikorwa kw'isi, ku mugabane wa Afrika no mu karere k'uruhande rumwe, hamwe n'ibitabu vy'integuro y'ibikorwa ku rwego rw'igihugu, mu bisata no mu ntara/mu makomine k'urundi ruhande.


Muyandi majambo, ishirwa mu ngiro ry'imbonakazoza ni ugushira mu ngiro ibishirwa imbere mu mbonakazoza mpuzamakungu mu mwaka wa 2030, imbonakazoza y'Ubumwe bw'Afrika mu mwaka 2063, imbonakazoza ya Afrika y'Ubuseruko mu mwaka wa 2050, umugambi uhinyanyuye ujejwe impinduka mu gihugu (PND uhinyanyuye), imigambi ngenga bisata n'imigambi y'iterambere ry'abenegihugu ku rwego rw'amakomine (PCDC).

Ivyo bitabu vyose ngengabikorwa bitunganijemwo ukugene ibikorwa n'amafaranga ntegekanyabikorwa akoreshwa buri mwaka (PTBA) ku rwego rw'ubushikiranganji n'ibindi bisata vya Reta, hamwe no ku rwego rw'amakomine mu ntumbero yo kukoresha amafaranga ajanye n'umugambi utegekanijwe. Mu gushira mu ngiro imbonakazoza y'Uburundi nk'igihugu cifashe mu mwaka w'2040

n'igihugu giteye imbere mu mwaka w'2060, Uburundi butanguye urugendo rw'impinduka irama y'inyubako y'ubutunzi bizobonekera mw'itunganywa ry'ikibano n'uko abenegihugu babayeho kandi bikarangukira mu nzira ya poritike n'intwaro zitekanye bituma zino mpinduka zirama. Ivyo navyo bisigura ko ari ukwiwheza neza “*ingero n'inkingi zituma haba impinduka*” mu ntumbero yo gushika ku mbonakazoza.

Kubera ivyo, uburyo bwo gushira mu ngiro imbonakazoza bizoshingira ku rukurikirane rw’ “*imigambi y'igihugu ijejwe impinduka (imigambi y'igihugu ijejwe iterambere)*” ishingiye ubwayo ku bikorwa bishirwa imbere y'ibindi biri mu ntumbero zitatu nkuru nkuru: “*Impinyanyuro – ikabura iyindi – itumbereza iyindi*”. Ni imigambi ifise intumbero yo kuzana impinduka kandi ishobora gukaburira impinduka zifise inkurikizi ziboneka kandi zirama mu gukomeza no guha agaciro ibishoboka vyose mu gisata c'imibano n'ubutunzi m'Uburundi.

Ugushira mu ngiro iyi mbonakazoza bizokorwa biciye mu migambi y'igihugu ijejwe impinduka mu kiringo ca vuba n'izindi ntumbero zo gushira mu ngiro zisanzweho ku rwego rw'igihugu, mu bisata no mu ntara, nk'uko tubisoma mu gicapo ca 2.





Iyi nteguro izoronswa uburyo bwo gukurikirana no gusuzuma ibikorwa ku ngero zose. Kuri iyo mpamvu, ibiro vy'Umukuru w'Ighugu biciye mu biro bijejwe ivyirwa bihanitse n'iterambere (BESD) n'ibiro vy'Umushikiranganji wa mbere bafise uruhara ntangere mu gikorwa co gukurikirana no gusuzuma ivyaranguwe mu ntumbero y'uko Uburundi buba igihugu cifashe mu mwaka w'2040 n'igihugu giteye imbere mu mwaka w'2060.

Ibiro vy'Umushikiranganji wa mbere bizoba bifise uruhara rw'ukurikirana ibikorwa bijanye n'ishirwa mu ngiro ry'imbonakazoza hanyuma ibiro bijejwe ivyirwa bihanitse n'iterambere BESD navyo birangure igikorwa co gusuzuma no kwihiweza uko biriko birashirwa mu ngiro hamwe n'ivyaranguwe.

Ihuriro ry'iterambere ku gwego rw'igihugu rirategekanijwe mugusuzuma buri gihe intambwe zishitswe-ko n'uko ibikorwa vyose vyisunga imbonakazoza kugira na ntaryo bame bafatira aho iterambere rigeze.

Mu gusozena, imbonakazoza y'Uburundi nk'igihugu cifashe mu mwaka w'2040 n'igihugu giteye imbere mu mwaka w'2060 ni urugendo rurerure rusaba ko abo vyerekeye babishiramwo inguvu. Iyi mbonakazoza ni urugendo rutoroshe rwerekeza ku mpinduka ku rwego rw'igihugu, ibi navyo bisaba guhindura uko dusanzwe tubona ibintu n'uko tumenyereye gukora ibintu mu bijanye n'intwaro bizoba bishingiye kwishirwa mu ngiro mu gihugu cose, ukubikurikirana buri gihe, gufata ingingo no gushinga amategeko abereye kandi vyihuta no gutunganya neza ivy'igihugu utereza akajisho muri kazoa mu gutegekanya n'ibitarashika.

